

Manm ekip SIARI yo ap kontinye sèvi popilasyon an pandan moman difisil nap viv la.

Malgre biwo nou yo fèmen akòz mezi ijans pou lite kont pandemi a, **nap kontinye ofri sèvis nou yo a distans.**

1. Sèvis entèprèt:

Se nan moman saa ke kominikasyon pi empòtan pou nou ka asire sekirite tout moun. Se sak fè ekip SIARI a deside ofri sèvis entèprèt yo gratis pandan peryòd saa. Sa pral pèmèt chak moun jwenn enfòmasyon nan lang yo.

2. Klinik empo:

Klinik empo SIARI a ap kontinye fonksyone a distans. Ekip la ap kontinye ede nou, menm jan ak chak ane, pou nou ka fè deklarasyon empo nou kòm sa dwa.

- Wap ka voye dokiman'w yo, avèk yon aplikasyon pou skane dokiman. Men kèk ekzamp aplikasyon wap ka itilize:
 - o [Simple scanner](#)
 - o [Fast scanner](#)
 - o [Tap scanner](#)
- Wap ka peye frè administrasyon yo avèk viman bankè. Na fè'w konnen etap pou swiv pou ka fè sa.

3. Papyè imigrasyon :

Si pèmi etidyan oswa pèmi travay ou expire, nap kapab ede'w nan pwosedi pou renouvle papyè imigrasyon'w.

Nap kontinye ede moun ki bezwen renouvle papye rezidans pèmanan, sitwayènte ak parenaj tou.

4. Akompayman pou paran :

Jaden danfan SIARI a bay zouti ak aktivite pou ede paran ak timoun nan peryod nap viv la. Pou jwenn zouti yo, ou ka vinn na gwoup Facebook saa :

«« Halte-garderie Siari »»

<https://www.facebook.com/groups/869943093367349/>

5. Kou franse:

- Pou sesyon ivè a, patisipan ki te presan nan kou franse yo ap resevwa alokasyon an.
- Pou sesyon ki te komanse nan 31 mas la, yon pwofesè franse ap kontakte'w pa kouryèl oswa pa telefòn pou kontinye aprantisaj yo a distans. Patisipasyon nan aktivite yo obligatwa. Si'w pa kapab patisipe a distans epi ou vle sispann fòmasyon an, tanpri rele sant kontak cliyan an nan :
514 864 9191

6. Pwoblèm lajan:

Sitiyasyon nap viv la ka afekte lavi tout moun nan divès fason.

Men kèk zouti ak resous kap kapab ede'w.

Si'w panse ke'w enfekte avèk viris COVID19 la :

Québec

1 877-644-4545

Rele info-sante nan 811 avan'w deplase

<https://www.quebec.ca/sante/problemes-de-sante/a-z/coronavirus-2019/>

Canada

Aplikasyon saa ap pèmèt ou resevwa tout enfòmasyon fyab pou ka evalye tèt ou pou wè si w ta gen semptom COVID19.

Telechaje aplikasyon saa <https://ca.thrive.health/>

Swen sante selon estati imigrasyon;

<http://tcric.gc.ca/nouvelles/402-covid-19-ressources-et-informations>

Si w pèdi travay ou:

Québec

<https://www.quebec.ca/sante/problemes-de-sante/a-z/coronavirus-2019/#c47761>

Canada

<https://www.canada.ca/fr/services/prestations/ae/pcusc-application.html>

Bank alimentè:

<http://jam-montreal.com/>

www.madacenter.com

www.multicaf.org

<https://lesnac.com/web/>

<https://sunyouthorg.com/fr/services/aide-alimentaire/>

Rele nan 211 pou ka konnen ki bank alimentè ki pi pre lakay ou.

Si wap viv pwoblèm vyolans konjigal :

<http://www.sosviolenceconjugale.ca/>

1 800 363-9010

24 è sou 24 / chak jou

Estrès, anksyete ak depresyon ki taka vini akòz maladi COVID19 la :

<https://www.quebec.ca/sante/problemes-de-sante/a-z/coronavirus-2019/stress-anxiete-et-deprime-associes-a-la-maladie-a-coronavirus-covid-19/>

Rele enfo-sosyal nan 811

Sèvis enfòmasyon ak referans

Rele nan 211

211 Grand Montréal se yon sèvis gratis, pou bay èd nan telefon ak sou entènèt nan plizyè lang. Se yon sèvis ki la pou oryante'w pou ka konnen ki oganis ak sèvis kominotè kap ka ede'w pi byen.

<https://www.211qc.ca/>

Pou tout kesyon ijan, ekri nou yon mesaj prive sou Facebook Messenger :

<https://www.facebook.com/siari.org/>

Oswa rele nou nan : **514-738-4763**.

Nap toujou reponn, menm si sa ka pran yon ti tan. Si'w pa pale ni franse ni angle, ekri nou nan lang paw. Nap konprann ou!

#ReteLakay #ToutBagayApByenPase